# COVID-19

## सँ जुड़ल मिथक सभक सत्यता

### मिथक

एकटा चीनी चिकित्सकक मोताबिक कोरोना वायरसक इलाज एक कटोरी लहसुन अछि

### तथ्य

एहन जानकारीक कोनो वैज्ञानिक प्रमाण उपलब्ध नहि अछि



# COVID-19
## सँ जुड़ल मिथक सभक सत्यता

### मिथक

जँ अहाँ बिना कोनो असुविधाकेँ 10 सेकेण्ड तक अपन साँस रोकि सकैत छी त' अहाँके COVID-19 क संक्रमण नहि अछि

### तथ्य

बिना कोनो असुविधाक 10 सेकेण्ड तक अपन साँसकेँ रोकब ई साबित नहि करैत अछि  जे अहाँ संक्रमित छी वा नहि



# COVID-19
## सँ जुड़ल मिथक सभक सत्यता

MyGov

### मिथक

विटामिन-सीक भरपूर सेवन कयलासँ कोरोनाक संक्रमणकेँ ठीक करबामे मददि भेटि सकैत अछि

### तथ्य

विटामिन-सीक नियमित सेवनसँ निश्चय रोग प्रतिरोधक क्षमता बढ़ैत अछि। मुदा एकर अत्यधिक सेवनक परामर्श नहि देल जाइत अछि



# COVID-19
## सँ जुड़ल मिथक सभक सत्यता

### मिथक

वायरस किछु घंटा तक
जिबैत रहैत अछि



### तथ्य

अध्ययन सबसँ ज्ञात भेल अछि जे कोरोना वायरस कोनो सतहपर किछु घंटासँ ल' क' किछु दिन तक सक्रिय रहि सकैत अछि। अलग-अलग स्थितिमे (जेना सतह, तापमान वा वातावरणक आद्रता) मे भिन्न भ' सकैत अछि

Source: World Health Organization

# COVID-19

## सँ ज़ुड़ल मिथक सभक सत्यता

myGOV मेरी सरकार

### मिथक

सोशल मीडियाक एकटा वायरल पोस्टमे दावा कयल गेल अछि जे करैलाक रस कोरोना वायरसक इलाज क' सकैत अछि

### तथ्य

एहन प्रकारक कोनो इलाज उपलब्ध नहि अछि



# COVID-19
## सँ जुड़ल मिथक सभक सत्यता

### मिथक

हमरा अपन पालतू जानवरसँ COVID-19 क संक्रमण भ' सकैत अछि

### तथ्य

हांगकांगमे एकटा कुत्ताक संक्रमित होयबाक सूचना त' छैक मुदा एहन कोनो सबूत नहि उपलब्ध अछि जे कुत्ता, बिलाड़ि वा कोनो पालतू जानवरसँ COVID-19 क संक्रमण पसरि सकैत अछि



Source: World Health Organization

# COVID-19
## सँ जुड़ल मिथक सभक सत्यता

### मिथक

गरदनिकेँ भिजाक'( पानि वा अन्य पेय पीबि क' ) कोरोनाक संक्रमणसँ बचल जा सकैछ

### तथ्य

एहि दावाक कोनो वैज्ञानिक प्रमाण उपलब्ध नहि अछि



# COVID-19

## सँ जुड़ल मिथक सभक सत्यता

### मिथक

एकांतमे रहबाक अवधि 5 दिन धरिक रहैत अछि

### तथ्य

एकांतमे रहबाक अवधिक अर्थ अछि वायरसक संक्रमण आ बीमारीक लक्षणक शुरू होयबाक बीचक अवधि। COVID-19 क लेल एकांतमे रहबाक अवधि 1 सँ 14 दिन धरिक अछि



# COVID-19
## सँ जुड़ल मिथक सभक सत्यता

### मिथक

की एंटीबायोटिक्स नव कोरोना वायरसक संक्रमणकेँ रोकय आ इलाजमे प्रभावी अछि ?



### तथ्य

नहि, एहिसँ वायरससँ भेल संक्रमणक इलाज नहि होइत अछि, ई सिर्फ जीवाणुसँ भेल संक्रमणक इलाज अछि । नव कोरोना वायरस (2019-n COV) एकटा वायरस अछि तैं एंटीबायोटिक्सक उपयोग एकर रोकथाम वा उपचारमे नहि कयल जयबाक चाही । हालाँकि जँ अहाँकेँ 2019-n COV सँ संक्रमित होयबाक कारणे अस्पतालमे भर्ती कराओल गेल अछि त' बैक्टेरियाक सह-संक्रमणसँ बचेबाक लेल एंटीबायोटिक्स देल जा सकैछ ।

# COVID-19
## सँ जुड़ल मिथक सभक सत्यता

### मिथक

नव कोरोना वायरस बुजुर्ग वा नेना सबकेँ बेसी प्रभावित करैत अछि, युवा सबकेँ नहि



### तथ्य

सब उमेरक लोक एहि वायरस(nCOV-2019)सँ संक्रमित भ' सकैत अछि । बुजुर्ग आ पहिलेसँ कमजोर सेहत (जेना अस्थमा, मधुमेह, हार्टक मरीज) बला लोक सब संक्रमणसँ जल्दी ग्रस्त भ' अत्यधिक बीमार भ' जाइत छथि ।

Source: World Health Organization